

REGNIPOEN LENGGANAN
SWARA - TAMA :

1 taoen	f 6.—	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 "	f 3.—	
3 woelan	f 1,50	

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja	f 36.—
1/2 "	f 18,65.
1/4 "	f 9,75.
1/8 "	f 5,25.

Saladjenipoen: saben 1 cm² f 0,03;
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit-alitan : f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rémbag
roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA,
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsi poen Redactie lan Administratie
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ATOER PAMRAJOGI.

(Patoet kagatosaken ing para Goeroe, para djoernalis toewin directie s.s.kabar.)

„Het Nieuws” satoenggiling serat kabar petak, mitranipoen Hercules, ngabaraken manawi ing wekdal samangké sampoen saged ngempalaken boekti² ingkang njekapi, bilih wonten satoenggiling boekhandel njadé boekoe² „pertjintaan” (ingkang saged anoewohaken raos birahi) nawèkaken dadaganganipoen dateng para „prawan²” ingkang sekolah M. U. L. O. sarana ngintoeni lijst nama-namaning boekoe² waoe dateng para laré² kaseboetaken ing nginggil.

Manoet pamanggihipoen firma boekoe „Kemadjoean” (jèn boten klèntoe poenika satoenggiling firma Tionghoa ing Ambengan Semarang Hcl.) mastani bilih laré² djaman samangké poenika dèrèng saged rikat ngantos firma kaseboet ing nginggil kapeksa kedah mitoe-loengi satjara kunstmatic.

Boekoe² oetawi brochure² waoe namoeng kakintoenaken dateng laré² medal pamoeangan, dados para ti-
jang sepoeh oetawi para pamong boten saged njoemerepi. Pinter jek-
tos!!

Gagajoetan kalijan poenika „Het Nieuws” soeka pamrajogi soepados para Goeroe anitia dateng brochure² oetawi boekoe² ingkang dateng moerid-moeridipoen. Prakawis makaten poenika boten nerak pranatan pos.

Pamrajogi saking H. N. waoe pan-
tes kita gatosaken. Boekoe kados makaten poenika mila ratjoen kang-
génipoen tijang, langkoeng² kanggé laré ingkang saweg ngambah wekdal ngantjik birahi, ing basa walan-
dinipoen kawastanan ngambah ing „puberteitsjaren”. Prakawis kados makaten poenika angrendeti dateng adjenging pasinaon, angrisak kaso-
silar. Sampoen samestiniipoen mana-
wi kaoem Goeroe ladjeng kedah manggali sajektos dateng prakawis poenika.

Gagandéngan kalijan prakawis poenika, koela ladjeng kèngetan dateng sosorahipoen sadèrèk Soejana wonten ing parepatan taoenan P. K. W. ingkang wosipoen njoewoen dateng pangrèh P. K. W. soepados angatoerna mosi dateng Pamaréntah, njoewaka boekoe-boekoe Volksbibliotheek ingkang angrisak kaso-
silar. Bab poenika kasagahan.

Goeroe² ingkang moelang wonten ing angka kalih, kados prajogi manawi ladjeng nastitia boekoe² bibliotheek wedalan Balai Poestaka, kapilihana poendi ingkang kirang saé, poendi ingkang mbabajani kanggéning kasoelaning para poeta ingkang tjalon dados ra'iat Indonesia.

Makaten oegi kados saé sanget manawi pakempalan Goeroe P. G. H. B. oegi migatosaken dateng prakawis poenika, ingkang ladjeng angatoerna parjoewoenan oegi dateng Paréntah, soepados ladjeng angitjalana boekoe² ingkang adamel risaking kasoelan. Toedjoening Volksbibliotheek makaten loehoer sanget. Nanging manawi boeboer ingkang kadoelangaken dateng ra'iat waoe isi ratjoen, kados-poendi? Manawi Pamaréntah ngèngeti dateng toedjoenipoen ngawontenaken Volksbibliotheek, inggih boten kawratan anajogyani pamrajogi poenika.

P. G. H. B. migatosna prakawis poenika.

Wekdal samangké poenika loking ngakatah kaseboet djaman madjeng.

PRADJA RAHAJOE.

PROTEST.

Énggal mangké poenika radi katah protès. Warni - warni prakawis ingkang dipoenprotès. Protès ingkang badé koela atoeraken ing riki, saèstoe toemoedjoe dateng prakawis ingkang

Bangsa kita njamboet damel keras andjoendjoeng dradjading bangsanipoen. Makaten oegi ing babagan ndjagi kasoelaning bangsa, poeta Indonesia inggih boten talompé. Koela saged matoer makaten, djer koela mangertos bilih grengsenging pakempalan Wanita, ingkang oegi andjagi dateng kasoelaning bangsanipoen, katingal njenengaken. Pandjenengan saged mriksani mosi² ingkang sampoen katoer dateng Pamaréntah.

Lairing pakempalan P(erkoempoelan) P(embrantasan) P(erdagangan) P(erempoean) dan A(nak)² inggih sanget amangkogaken manah. Sagedagan poenika pakabaran ingkang koela piring ing sawatawis panggénan badé ngedegaken tjabang. Ing Karang Anom bawah Solo ada² waoe medal saking para pangrèh pradja. Ing sawatawis panggénan saking sadèrèk Goeroe. Panggénan saèwi saking golongan wanita. Kadjawi merangi padagangan tijang èstri ingkang kabekta dateng man-
tja nagari, oegi nengenaken dateng kasoelaning bangsa Indonesia.

Wonten ingkang ngatoeraken pan-
njoewoenan dateng ingkang wadjab, soepados ngadana zeden politie, anggropjoka panggènanipoen germa-
germa, ngawisana laré alit sami mbebarang lsp. Sawènèh wonten ingkang badé ngadani Vrouwen-
tehuis. Tradjang makaten waoe ka-
tampi kanti mongkoking manah. Kaoem pena sanget ambombong. Ing serat² kabariipoen bangsa kita kerep wonten pakabaran amoedji tindakipoen P4A, lan sanget merangi tindakipoen para badjoel boentoeng ingkang nedyia angrisak kasoelan. Sajeptos, boten sakedik dajaning para pendé-
kar pena ingkang gembar-gembor, mantjakaken pèniipoen, njéda tindak nista waoe. Djangkepipoen, koran waoe kedah inggih boten poeroen ngewrat pakabaran ingkang saged angrisak kasoelan oetawi kedah boten poeroen nampi advertentie ingkang saged noewohaken raos birahi kanggénipoen para maos. Koran bangsa kita manawi neda dipoen wastani konsekwèn kalijan pèning djoernalisipoen, kedah njirik advertentie lekoh². Koela ngertos manawi prakawis advertentie poe-
nika kanggé gesanging koran perloe sanget, nanging tindak nampi arta ingkang medal margi kados makaten poenika boten njatrija. Koran ingkang poeroen tindak makaten, nama koran mata doewiten; koran njlekoetis, boten sembada. Koran lamis. Éman déné koran bangsa kita taksih wonten ingkang poeroen nampi advertentie ingkang saged andajani risaking kasoelaning para maosipoen. Éman déné wonten koran bangsa kita ingkang adjrih ngewrat kritik toemoedjoe dateng satoenggiling firma ingkang anjeban boekoe kebak wisa pangrisak kaso-
silar. Bab poenika boten perloe koela tjeplosaken, nanging koela gadah pangdjeng-adjeng moegi ingkang ketodjèh pèniipoen Hercules sapisan poenika, ladjeng angrisana tindakipoen, sampoen ngantos adjrih toeni sakedik, ananging taksih ngeng-
gèni kasatrijanipoen.

Para directiening serat kabar, manawi nampi advertentie prajogi kalarasna kalijan pèning Redacteur pandjenengan.

Redacteur merangi prakara
djeboel nampa advertentie lekoh.
Poenika njoeda dradjading koran pandjenengan. **Hercules.**

pantes lan kedah dipoenprotès sakijat - kijatipoen.

Poenapa poenika? Poenapa para maos taksih ènget asma P. de Kat. Angelino? Tirah taksih! Dados boten badé kekilapan malih dateng *Batik-rapportipoen*.

„Istri” sampoen medaraken prakawis waoe kapetik saking *Batik-rapport II*. Sasamanten oegi „Soeara

Merdéka” inggih boten kantoen, toemoet ngoemoemaken. Tjebi koela tjekakipoen:

„Tetijang oekoeman”, makaten pasambatipoen para pangobèng, „poenika taksih sami langkoeng begdja tinimbang sakoela sakantja; amargi sadaja waoe taksih sami gadah pangdjeng-adjeng badé loewar; sareng sakoela sakantja manawi boten wonten paneboes, sadjegipoen gesang.” Makaten pangeshahipoen.

Mangga, kados-poendi kawontenan waoe, sami kagambar malih, ingkang langkoeng tjeta:

Papanipoen para pangobèng.

Saklangkoeng reged. Tilemipoen sami wonten ing sli, tanpa bantal. Jèn djawah, kedjawahane keproh. Mangka panganggènipoen namoeng gantoeng kepoeh. Saéal Dados sanadjan teles kebes kapeksa dipoen-
anggè ngantos sagaringipoen.

Berahanipoen.

Sakedik sanget. Sekawan dinten wonten ingkang namoeng 30 sèn. Samanten waoe ladjeng katjowok 20 sèn, kanggé nitjil samboetanipoen. Dados sakawan dinten kantoen gadah tirahan 10 sèn, oetawi 2 1/2 sèn sadinten. Ladjeng katjowok malih 1 sèn kanggé toemba kadjeng, lan 1/2 sèn kanggé oeroenan mbajar lampoe listrik. Dados pamedal resik sadinten kantoen . . . 1 sèn. Mangka teda lan panganggè pados pijambak. Kados-poendi? Mila samboetanipoen dateng poen madjikan saja dangoe inggih saja katah.

Kasisahanipoen.

Jèn wonten ajam boten nigan, para pangobèng dipoendenda, amargi kakinten mendet.

Jèn wonten ajam katjemploeng soemoer oegi kadenda, amargi nama kirang roemeks dateng gadahanipoen madjikan.

Makaten oegi manawi njemploeng-
aken timba ing soemoer, sanadjan mangké kènging kapendet malih, oetawi ngrontogaken lépaning tèm-
bok, oegi dipoendenda.

Saja ndjèngk . . . loetjoe malih, manawi poen madjikan oepami kadenda déning Landgerecht f5,— amargi ing prakawisipoen wonten oewoeh ngamboek - ambroek; poe-
nika mangké doemoginipoen ing grija ladjeng ndendani para pangobèng à f2,50, awit tjarijosipoen poenika margi lepatipoen para pangobèng. Ladjeng poenapa ingkang kanggé mbajar? Boten sanès kadjawi samboetanipoen ladjeng kaindakaken f2,50. waoe.

Contract.

Sadèrèngipoen sami wiwit njamboet damel kedah tèken kontrak roemijin. Para pangobèng boten kènging késah sakadjengipoen pijambak, manawi dèrèng sah sambetanipoen. Déné samboetanipoen limrahipoen f15; à f20. Ingkang kanggé tanggèlan grija sapakawisanipoen. Déné ingkang dados saksiniipoen loerahipoen.

Gandokan.

Poenika terangipoen makaten. Oepami bijoeng saanakipoen ingkang ngobèng wonten ing rikoe kadadosaken sagandok. Gandok sanèsipoen isi tijang saking sanès doesoer. Satoenggaling - toenggalingpoen tijang ing gandok kakalih waoe kedah sami awat-ingawatan. Mangké samangsa salah satoenggaling tijang ing gandok satoenggalingpoen waoe, késah boten pamit, oetawi sanadjan pamit, nanging wangsoelipoen boten kados samestiniipoen, poenika tijang saking gandok sanèsipoen ingkang kadjabah, ladjeng kaekoem wonten ing kamar peteng.

Katah kémawon pangobèng ingkang saweg nesepi, dipoenkamar peteng, ngantos anakipoen pedjah wonten ing rikoe. Menggah pedjahipoen laré waoe boten nggoemoenan, awit wonten ing salebetipoen kamar alit apeteng waoe, poen bijoeng inggih kapeksa kedah njerat. Déné

ISINIPOEN.

Atoer pamrajogi - Protest - Soerakarta njoewoen bantoe - K. S. B. afd. Solo - Ébahing djagad panggesangan enz. - Documento katoer kadang koela sepoeh - Goentingan pers - Saking pakempalan - Pangandika dalem K. S. Bapa Leo XIII - Watjana manéka warna - Kloeroeking sawoengipoen Pandji laras - Oerap - sari - Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Poenapa Iboe Paréntah.?

Dèwi Sri njerat wonten ing *Lampiran Sw. O. No. 175, t. '31* kados ing ngandap poenika:

Toelisan iki ora kelakon tak orèhaké, jèn ake ora pinoedjoe matja advertensi ing koran-koran, kang oeniné kaja kangkéné:

„Sapa kang doewé kabotan toemrapé Pamréntah mènèhi hak-hak tanah (grondrechten) marang Landa, koedoe awèh weroeh marang Voorzitter Kommissie (jakoé kommissie kang njelidiki bab iki) lat-laté tg. 15 Oct. '31”

Indonesiers! nitik oeniné advertensi maoe wis nandakaké jèn Pamréntah doewé kekarepan bakal mènèhi hak-hak tanah marang Landa. Bener kommissie maoe perloe ming kanggo njelidiki bab iki (djaréné), nanging moenggoeh panemoekoe, maksoedé kommissie maoe loewih djero.

Nasionale fractie, jakoé wakil-wakil kita kaoem nasionalis ana ing Volksraad wis nerangaké bab iki, bab ora moepakaté manawa Landa diwènèhi hak-hak tanah; bakal merangi perostèl maoe sak koewat-koewaté, lan wis ngoetjap, jèn kita Indonesiers ora bakal trima, jèn tanah kita, poesaka kita dikoerangi, sanadjan gedéné moeng sak ramboet pinara pitoe.

Kita boengah banget, déné wis doewé djempolan - djempolan sing pada koempoel dadi sidji ana ing Nasionale fractie. Sanadjan Nasionale fractie wis nerangaké sikepé marang bab iki, nanging anané advertensi maoe, wis kena digawé boekti, jèn swara wakil-wakil kita babar pisan ora diregani.

Moenggoeh panemoekoe advertensi maoe ora ana perloené. Katerangané mangkéné:

Advertensi maoe di-emot ana ing koran-koran Landa lan sakweroehkoe kaja ora kaseboet ing koran Melajoe. Djawa oemoemé. Mangkono ikoe wae wis kliroe. Apa dikira jèn Rakjat ikoe bakal weroeh anané advertensi maoe. La wong kang wis dadi kaoem intellect wae, sabagèjan gedé ora matja koran Landa.

dilahipoen inggih poenika sentir alit. Dados pedjahipoen laré waoe margi kaplepeken. Poen bijoeng boten toemoet kepepeken pisan poenika, taksih nama begdja. Déné laminipoen oekoeman waoe ngantos sawatawis dinten oetawi minggoe. Andjawi poenika taksih wonten oekoeman sarana *gebag* oetawi *Sarik ramboet*.

Sadaja ingkang koela atoeraken ing nginggil waoe sampoen mataoentaen kelampahan ing papan panggaotan njerat sindjang ing kita Lasem. Ewadéné boten wonten ingkang mbélan ra'iat Melarat waoe. Sinten ingkang kesangeten? Mangga kagalih!!

Prakawis poenika koela atoeraken ing riki, soepados saja kasambah kaedanan ing para prijantoen sadaja boten mawi pilih-pilih, ingkang sasampoenipoen pirs, tamtoe ladjeng karsa mbantoe pakempalan-pakempalan ingkang badé njirnakaken tindak sija - anganiaja sasaminning toemitah poenika. Malah nembé poenika ing Madioen toewin Bliitar sampoen kawontenaken volksvergadering ingkang mligi kanggé prakawis poenika. Samanten oegi P. P. I. I. ing Ngajogja badé toemoenten nandangi prakawis waoe, seserangan kalijan pakempalan sanèsipoen.

Mangga radi kasengkoedaken!!
Krètèg, Sept.
S. Soek.

apa manèh Pak Krama, weroehé koran wae, jèn wis dadi boengkoes goela. Sanadjan advertensi maoe diemot ana ing koran-korané bang sa priboemi, samono oega Pak Krama ija ora bisa weroeh, djalaran ora bisa matja.

Ing riki ingkang dipoenrembag bab prakawis soeka hak-hak tanah (grondrechten) dateng tijang Wlandi lan botenipoen. Prakawis poenika dédé barang sapelé; awit nggèpok antjik-antjiking gesangipoen tijang priboemi. Jèn boten kaleresan saged amblong; mangka rakjat akal-boedinipoen taksih kotong; dados jèn boten kaleresan rakjat saged makoengkoeng kados bangkong!

Ing semoe advertentie waoe ang-
sal-angsalanipoen badé kanggé moe-
toesi. Nanging poenapa poenika boten namoeng ing semoe tok? Kilap. Wedaranipoen *Dewi Sri* boten tjoe-
meplos!

Sarèhné poenika prakawis *agensanget*, nanging peteng toer ing semoe *mawi ngèmbèt-èmbèt Iboe Paréntah*: milanipoen, oepami koela dados salah satoenggiling warga Volksraad, mesti ladjeng tjek nje-
peng „Waterman” oetawi „Swan” lan njerat: „Steller dezes. enz. poe-
nana enz.”. Nanging sarèhné koela namoeng woedjoed djoeroe goenting pers, mangka boten nritjis tjara Wlandi, malah tjara Mlajoe kémawon inggih plegoekan; milanipoen saking podjokan Swara-Tama ngriki ké-
mawon koela ngowoeboewoeh njoewoen priksa mawi basa Djawi, titilaranipoen loeloehoer kita, soepados tjeta, dateng Iboe Paréntah, ingkang ambek tresna lan goemati:

1) Poenapa Iboe Paréntah boten kekilapan dateng wontenipoen advertentie kaseboet?

2) Jèn boten, poenika saking sinten lan poenapa kadjengipoen?

Koela ngertos swanten koela bokmanawi kirang santer, boten saged nloesoep nglebeti gedong Volksraad; nanging koela ngertos oegi, jèn wawakil kita wonten ngrika sami nilingaken dateng swantening rakjat. Amila koela pitados, bilih jèn swanten koela kirang sora, boten saged nglebeti pijambak, para wawakil kita mesti badé ngldadjengaken.

SOLO NJOEWON BANTOE.

Oebaling soemangat angalad-alad soendoel ingawijat anggajohé kaloehoeraning bangsa lan iboe pretiwi toemoedjoe dateng Indonesia Raja amrih mardikanipoen. Awit saking sarana dajaning propagandanipoen para pangandjoer, soedjana, sardjana lan para djempolan medal wijtjara lan kalarwati, adjenging kapitaliekan, kasowalari, kaekonomiekan saha kaonderwijsan enz. enz. boten kènging kinaja ngapa. Poetra lan poetri, wara lan wira sami sangkoet njamboet damel, njantosani bebèng lan barisanipoen saingga pakempalan-pakempalan, coöperatie-coöperatie, panggoeron rakjat andjrah do-
moegi ing doesoer - ngadoesoer malah doemoegi ing poentjak g redi. Bab poenika sadèrèk kita Katholiek oegi boten poeroen kantoen, saha para maos boten badé kekilapan; déné para sadèrèk sa-
toengal kalih ingkang dèrèng temtoe ladjeng énggal badé tjantjoet mangsah ing damel. Sadaja waoe namoeng toemoedjoe dateng kadonjan inggih poenika amrih loehoer saha mardikaning bangsa, iboe pretiwi lan karadjan. Sapoenika ingkang badé koela rembag gandèngipoen kalijan pangodi kita bab loehoer pamijaring Kraton Dalem Sang Kristoes, djer poenika antjas ingkang nomer één toemrap gesang kita wonten ing donja ngriki.

Parepatan warga W.K. Mataram tanggal 17 Sept. '31.

Manggén ing dalemipoen Mrevrouw Soerjoprawoto ing kampeong Gamelan. Ingkang rawoeh sadèrèk 19. Sadèrèk Pangarsa lan sadèrèk Panitra Iste sami boten rawoeh, margi gerah. Dadas parepatan ka-taentoen sadèrèk Panitra 2de.

Parepatan kabikak ± djam 6, kados adat ngloehoeraken asma Dalem Sri Jésoes. Woedjoeding rembag² lan poetoese^{an}:

- I. Pamboek.
- II. Maos notulen, kapanggih absah.
- III. Maos verslag - verslag saking Swara-Tama no. 35 28-8-31, bab pista taoenan W.K. lan Pista taoenan Kinderafdeeling.
- Wonten wewahan soepados pista taoenan pendakipoen, kawawahana tingalan tablo, muziek lan mawi menjanjian, soepados langkoeng semoea, poenika kanggé sadèrèk W.K. Kanggé Kinderafdeeling badé karembag wingking. Oesoel katampi.
- IV. Excursie boten èstoe 31 Aug. '31, margi katah alangan toer wedkal sampoen kaslepep sanget. Karembag malih dawah 2de Zondag 11-10-'31 dateng Pajaman (Kali-Bening). Sadèrèk roedjoek.
- V. Bab sinaoe otjal-otjal, pasinaoipoen katoentoen pandjenanganipoen Mewr. Moerdantmadja, wonten sadèrèk sawatawis ingkang ngrsakaken; jèn panoentoen karsa dawah dinten Ngahad sonten.
- VI. Bab handwerk, katah sadèrèk oesoel soepados katindakna ing wedkal ngadjen-gaken parepatan saben woelan (dameskrans). Wondéné garapan waoe kagoenganipoen para warga pijambak, lan ingkang kadamel oegi sakarsaonipoen pijambak. Kaarah soepados garapan handwerk miwah batikwerk kénging katingalaken ing pista taoenan W.K. Minangka tentoonstelling, kasadé oet. boten, manoet ingkang kagoengan. Oesoel katampi.
- VII. Ngadani wontening spaarclub kanggé sadèrèk W.K. Oesoel katampi. Jèn arta sampoen katah ladjeng kattipaken post, rēntenipoen kadanakaken Grédja Djawi, lan énggal badé kawitwan.
- VIII. Gandèng lan Missie Bara, W.K. Mataram ing parepatan kapengker kawatēnan setagèn, kirang sami matoek bab rerang.
- Padoeka Rama Satiman ngadani wontening damelan tenoenan loerik warni-warni. Kawatēkaken W.K. Mataram, soepados kita sami toembas ngiras dana.
- IX. Parepatan woelan tjadakipoen wonten dalemipoen Mrevrouw Soewandi ing kampeong Sawodjadjar (nglebet bétèng).
- X. Kinten-kinten djam 1/2-8 parepatan katoetoep mawi adat Katholiek.

Verslaggeefster G. W.

Pakempalan Verbruiks-coöperatie Randoesari, Semarang.

Rikala tanggal 20 September 1931 poenika pakempalan Verbruikscoöperatie „Among-Mitra” ing Randoesari Semarang ngawontenaken parepatan warga manggèng wonten ing Pastroan Randoesari. Ingkang rawoeh warga toewin tamoe kirang langkoeng namoeng tigang dasanan. Djam satengah sawelas sijang pakempalan kabikak kanti ngloehoeraken asma dalem Goesti Jésoes. Sadèrèk pangarsa ngatoeraken gensing panoeowen dateng para sadèrèk ingkang sampoen sami karsa merlokaken ngrawoehi pakempalan poenika.

Saladjengipoen sadèrèk pangarsa ngandaran lairipoen pakempalan Verbruikscoöperatie poenika. Teroes ngabsahaken Statuten toewin Huishoudelijk-reglement. Sasampoening karembag moeje, kapoetoes manawi Verbruikscoöperatie poenika namoeng mligik anggè gotrah katholiek Indonesia kèwawon. Sasampoening nampi warga énggal ladjeng pilihan bestuur, inggih poenika: 1. Pangarsa, Sad. R.M.J. Sasraningrat.

- 2. Panitra ngiras pangrokti arta „ R. C. Dibijaatmadja.
- 3. Beheerder „ A. J. Soeratom.
- 4. Ass. Beheerders „ S. S. Notoredjoso toewin „ R. F. J. Sapardal.

Djam satengah satoénggal sijang parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Minangka panoetoeping atoer koela, koela ngadjing - adjing sanget, moegi sadèrèk Katholiek ing Semarang sadaja kèwawon karsaa énggal sat set dandos, perloe angom-bjongan lampahipoen poen adi Verbruikscoöperatie „Among-Mitra” dateng ka Eko-nominan.

Verslaggever R. F. J. Sapardal.

Parepatan warga R.K.D.B.

Nalika dinten Ngahad kaping kalih tanggal 13 September 1931, djam 10.45 menit, R.K.D.B. ngwontenaken parepatan warga manggèng wonten gedong Militair thuis ing Kramat (Djakarta). Warga ingkang dateng kirang langkoeng wonten 27 kaetang kaliyan tamoe satoénggal; rama Parampara boten saged rawoeh.

- Wondéné ingkang karembag: I. Pamboek a déning sadèrèk Pangarsa.
- II. Maos notulen parepataning warga ing woelan Agustus 1931, sareng sampoen kaewahan ingkang perloe - perloe, ladjeng kaabsahaken.
- III. Kerk actie, nanging sarèhning rama Parampara boten saged rawoeh, pramilia katoentoen mbédjeng parepatan tjadakipoen.
- IV. Sosorahipoen sadèrèk Oentoeng, mendé tjrita saking padalangan; inggih poenika lampahan Sang Praboe Poentadewa ngopados sekar poespanjidra-petak, perloe badé kanggé toembali Pradja Ngaranta. Ingkang wosing sosorah ngadjenjaken para moeda soepados anggènipoen sinaoe ingkang mantep, satipoen adrijih kagoda ing kadang mitra; ngagem tékad kados Sang Praboe Poentadewa. Lan ngadjenjaken soepados para warga R.K.D.B. sami karsaa mbantoe V.L.S.
- V. Pakabarban: a. R.K.D.B. ing woelan Agustus damel serat ideran derma kanggé dana dateng badé madegipoen Grédja énggal ing Solo, „menggah angsal-angsalanipoen serat ideran wonten f17.54 (pitoelas roepjahj séket sekawansèn), sarta inggih sampoen kakintoenaken dateng Pangrèhng K.W. ing Solo.
- b. R.K.D.B. toembas lot saking Ngajodja ingkang perloe kanggé soembang soeroeng Grédja ing Ngajodja, anggènipoen toembas lot tjatjahipoen tiga idji, saha para warga inggih katah ingkang sami lot.
- c. Warga R.K.D.B. wonten ingkang medal satoénggal, nanging inggih wewah satoénggal.
- VI. Sadèrèk F.K. Partoatmodjo sosorah babagan Pangrokti-Laja kanti pandjang toer

tjeta sanget, toewin sadèrèk kasbat nggadhahi oesoel soepnos R.K.D.B. ngawontenaken pakempalan Pangrokti-Laja. Wasana oesoel kasabat katampi déning parepatan, prakawis pranatan - pranatanipoen badé karembag mbédjeng sanès dinten.

VII. Pitakēnan. Kirang langkoeng djam 12.25 menit parepatan katoetoep kanti sembahjangan sembah bekti. Verslaggever.

Parepatan warga K. W. ing Kalasan.

Doemawah ing dinten Minggoe katiga 20 Sept. '31; djam 9.30—12.30 Manggèng ing gri-janipoen sadèrèk P. Moeljasantana Gangsiran.

- Ingkang perloe-perloe: 1a. Pakabarban. Kala pindhahipoen sad. Sis-wasoemarta ingkang ngatingalaken roekoepipoen kagoeng poetri ± 60, dateng ing gri-janipoen lan ngentoepaken dateng station.
- b. K.W. Kalasan dèrèng klebet ing P.K.W. mēndel roemijin.
- c. Agent Roekti-Woeri ngabaraken anggènipoen mentas papanggih kala 6 Sept. '31 ing dalemipoen Pangarsa R.M. Jama, bilih: R. W. mentas kawaled paos ± f1100 (sèwoe satoes roepjahj), badé njamboetakan dateng verzeeker ingkang sampoen 3 taoen, ngrembag hypotheek, ngrēntenaken Kath. bank lan sanès-sanèsipoen.
- d. Sedy a Roekoen jasa Commissie spaar-leening.
- 2. Bab Desember kados adat, manawi saged tambah tooneelstuk saking Moeda Katholiek kabantoe Kenja Katholiek ingkang madeg kala woelan kapengker déning ada-adanipoen sadèrèk Juffrouw Agatha Kasilah.
- 3. Oesoel-oesoel a. Soepados Wanita kénginga mlebet K.W. katampi. b. Manawi moeljakaken Desember lan Paskahan soepados sakalijan! moepakat. c. Parepatan K. W. kawontena pendak 2 woelan! prajogi. d. K.W. soepados ngwontena recollectie! acc. e. K.W. kersaa nerangaken intēntie-nie apostolaat des gebēds! roedjoek. f. para warga sami merlokana sadèrèk ingkang sami saweg kirang èngtel! boten kawratna.
- 4. Bab pangrokti Laja. a. Sampoen gadah loeroep, wragad mendat arta kas. pramilia kedah ladjeng dipoentambeli. b. Tirahanipoen kanggé loeroep alit. c. Badé jasa salih, minangka maedjan.
- 5. Woesana ladjeng katoetoep kados adat saban.

Pangrèh K. W. Kalasan.

N.B. Kala 22 Sept. '31 para tilas moerid kalasan kaleres liboeran sami ada-ada jasa vacantie vereeniging, moerih tansah lestanaoen anggènipoen pasadèrèkan sanadjan sampoen pisah mrentja:

- a. sami dados goeroe wedalan Normaalsch.
- b. sami dados goeroe wedalan Cursus.
- c. njamboet damel mrentēni.
- d. ngadjenjaken sekolah: Cursus, Normaalschool. Seminar sapanoenggilanipoen.

Kedadosanipoen pilihan pangrèh, kados makaten: Pangarsa: N. Saidi Martasiswa. Panitra: B. Daliman Siswasoedarma. Hartaka: Agatha Kasilah.

Warga roemeks: Kalasan: A. Bedja. Seminarie Dk: A. Kasiran.

Normal Moentilan: Kramaredja. Cursus Kalasan: P. Karsana. Normal Ambarawa. Normal Malang. Normal Soerakarta. Pamoejji koela: Widadaa, soeboera moem-boelalla!

Pangrèh K. W. Kalasan.

Parepatan K. W. Bara.

(20 Sept. '31). I. Kabikak djam 9.30.

- II. Ingkang rawoeh: Padoeka Rama Geestelijk Adviseur, wakil pamaréntah I. warga 25, stem 3, tamoe 4.
- III. Rembag-rembag lan poetoesanipoen: 1. Pangarsa ngatoeraken soeenging rawoeh lan parepatan ladjeng kabikak.
- 2. Panitra maos notulen ladjeng kaabsahaken, saha nampi warga énggal 3.
- 3. Verslag „Comité Wajangan” nalika ber-kahan Grédja: Saldo f72.50 - f71.80 = f0.70, mlebet kas K.W.
- Wohipoen: njinaoe ngetjakaken betah, seneng, reclame soembaring nama Bara. Déné tjatjahipoen inggih wonten, nanging poenapa kèwawon ingkang tanpa tjatjah?
- 4. Voorzitter „Krida-Arta” ngandikakaken tjéwéning toemindak, malah sampoen naté nihil. Mitnangka pangrēnda dateng para warga dipoentatoeri menggali: mbrebes-mlining brajat ingkang ngebrèh, boten njawisi betah gesang wingking, sangsaja mlesek dipoententjiki djaman malaise, toewin ngilo soeboering Coöperatie ing sanès papan. Wedkal poenika wonten warga 28, wewah énggalan 2, dados goenggoeng sadaja 30.

5. Parepatan, ngadjangi sosorahipoen sadèrèk F.S. Padmawarita.

6. Verslag „alphabet” actie keloar. Ti-timangsa poenika sampoen madeg tigang panggénan ing: Bara wonten moerid 39.

Paras „ „ „ „ „ „ „ 29.

Klangon „ „ „ „ „ „ „ 65.

Goenggoeng moerid: 133.

K.W. boten kesoepep matoer noewoen dateng kadang Moentilan, ingkang sampoen dana kapoer.

Verslag „actie Bibliotheek” sampoen netes: sampoen seditja boekoe 35. Ing kas wonten jatra f2.75. Saha nampi warga énggal 4, dados goenggoeng sadaja wonten warga 19.

7. Rembag „Pangrokti-Laja” parepatan K.W. kapaksa dèrèng saged moengkasi.

8. Sami kaatoeran menggali „Gesang sesrawoengan” Ngagem tepa silira, saha njingkir. Sadaja - sadaja kedah adadasar beginsel Katholiek tinjatjos.

9. Oesoel ingkang tinampi: a. Njawi adgeipoen „Comite Decem-beran”.- b. Wiwit miling-miling maspaosaken ingkang tjalon ngemoedni K.W.
- c. Njedahi para warga ngarang pepakem kadamel gantjaran, ngemot „Pitedah kanggé oelar-olar gesang sesrawoengan”. Mangké ingkang kaanogep populair, badé dipoentetjapaken, ingkang ngragadi kas K.W.

10 Wasana ± djam 1.30 sijang parepatan katoetoep kanti wiloedjeng. Panitra: F. S. P.

Para kadang Katholiek temtoe mongkog saha rena ing panggali, manawi midanget bilih ing anoe tjangipoen Katholiek madjeng, katah magangan baptis, Grédjanipoen kebak malah mbloedag, malah sampoen badé damel Grédja malih. Ing lair saha ing batos kepéngin mban-toe dana banda, tenaga, goena lan witjara amrih saja rikat wijaring Karaton Dalem Sang Kristoes ing anoe waoe. Ing riki anoe poenika badé koela blakakaken inggih poenika Soerakarta adiningrat. Kerk lan armbestuur ing Soerakarta sampoen sawatawis dangoe kleklompak arta srana moendoet dana wonten ing Grédja; para pakempalan Katholiek ing Soerakarta oegi sami rērentjanganjampobedamelsesarengan oepami damel tentoonstelling njadé dadamelanipoen para warga, srana njebar bus ing huisgezinnen. Sadaja waoe klempakng jatra badé kanggé damel Grédja. Rēhing sadaja pakarjan poenika manawi dipoentan-dangi sesarengan, gotong rojong kanti sajoek-roekoek badé mindak ètèng lan inggih ngénggalaken kaleksananipoen, pramilia soemangga para kadang Katholiek kakoeng poetri kersaa sami paring dana ing sakoeswanipoen loemantar pangrèh K.W. Soerakarta, soepados Grédja ing Sala sageda énggal madeg, ladjeng gentsan ing poendi ingkang badé ngadegaken malih, temtoe kita oegi badé ndèrèk toemandang. Saèstoe para kadang pandjenangan ing Sala sami sanget ngadjing-adjeng dateng pitoeloenganipoen para kadang Katholiek sadaja, oegi dateng pakempalan-pakempalan sadaja kè-mawon moegi kersaa paring dana ing sakadaripoen. K.W., Soerakarta moetoes bab poenika, ingkang paring dana kersaa maringaken oetawi ngintoenaken dateng pangrèh K.W. p/a M. D. Martasoedarma Timoe-ran Soerakarta.

Atoer taklim koela C.C. Solo. Pantjer.

Noet. Red. Malah manoet „Mataram” pakarangan kanggé Grédja énggal sampoen katoembas. Sapoenika sami kaeodija, soepados Grédjanipoen énggal saged madeg!

VAN LITH-STICHTING

JEJASAN ÉNGGAL

POENIKA

sagedipoen madjeng

goemantoeang

„PANDJENENGAN”

SADAJA.

Peningmeester V. L. S.

2el Convict

Moentilan N. I. S.

K. S. B. AFD.: SOLO.

Tg. 16 woelan poenika K.S.B. afd.: Solo ngadani sosorahipoen tw. Van Loon babagan „Gaalbeweging.” Karawoehan Rama-rama ing Solo, para broeders, toewin sad. Welandi lan Djawi sawatawis. Tjek-kas tw. Van Loon njarijosaken bilih kanggé nanggoelang djaman édan poenika kita poetraining Pasamoean Soetji perloe toemandang anglawan keras dateng tindakan para mengsah ingkang nedya ngidak-idak angger hoekoeming Pasamoean Soetji. Sampoen dados wadjing para pradjoerit Katholiek amangsah joeda patjak baris wonten sawingkinging Pasamoean Soetji. Para kutumba Katholiek makaten saged alaboe njaekaken kawontenaning djagad pasrawoengan ingkang sampoen risak makaten poenika. Kutumba Katholiek kedah gadah idam-idaman ingkang loehoer waoe. Wonten ing gesang babrajatan, Iboe poenika ageng sanget prabawanipoen. Iboe oetami, Iboe pratikel boten sakedik labetipoen dateng saéning djagad pasrawoengan. Iboe oetami makaten kentjana kanggéning djagad pasrawoengan. Angadani pakempalan ingkang nedya noentoen laré èstri soepados ing béndjing dadosa Iboe ndjawi nglebet poenika satoenggiling pakarjan loehoer. Sasampoening mbabadaken „Gaalbeweging” ladjeng nerangaken toedjoenipoen, i. p. nedya noentoen para laré èstri soepados dados Iboe ingkang soe-sila, Iboe oetami; sageda dados Iboe ingkang pinter, saged ing samoe-kawis kaperloeaning wanita.

Spr.: ngadjing - adjing soepados ing tanah Indonesia inggih saged ngawontenaken pakempalan ingkang kados makaten, noelad negari Welandi, temtoe kèwawon kabesoet katjoendoeakaken kaliyan kabetahan ing Indonesia. Pasamoean Soetji boten betah wontenipoen Miss Holland, Miss Amerika, Miss Europa lsp. nanging betah MISS KATHOLIEK. (A. J. S.)

ÉBAHING DJAGAD PANGGESANGAN LAN PANDAMELAN.

„Molière aimaît sa profession”*) makaten oengeling oekaré ing boe-boekaning boekoe ingkang njarijos-aken gesangipoen Molière, poedjanga ageng ing Perantjiss (1622—1673).

Makaten oegi wadjibipoen Andaja, oegi kedah tresna dateng panda-melanipoen, sanadjan oepami sadèrèk „Jèn Kober” sampoen boten manggali poenapa-poenapa dateng sadaja andaraniipoen Andaja, Andaja wadjib ngladjengaken, ngemoeti... kabetahanipoen para maos.

„Lan kados ing Sw. T.m. no. 38, mila pantjèn „taksih katah prakawis ingkang badé koela rembag.”

Bab kasangsaran Knilm waoe doemoegi sapriki Andaja dèrèng mranggoeli plapoeranipoen koemisi ingkang kapoerih mriksa prakawis poenika.

Namoeng boten tebih sababipoen makaten:

Iberan daloe waoe saweg tjobèn. Ladjeng kanggé tanda papan mandapipoen dipoenseditjani auto ingkang kasoemed dilahipoen. Delalah tjelak ngrikoe wonten wiloedjengan, mawi njomed lampoe stormking wonten nglatar kalih. Lah, saking ngawijat lampoe stormking kalih waoe m è m p e r lampoe auto sepasang, — piloot mandap... ngantem wit, grija, médja, tjang!

Dados ada reclame miber wanti daloel kandeg doemoegi samanten.

Ing Sw. T.m. no. 38 koela inggih njroewé ngandikanipoen sadèrèk O. D. Kühr sawatawis bab importeur.

Saweg poenika koela tampi sérat saking sadèrèk A.K.D. ing W. inggih nggepok bab poenika. Temtoe kèwawon serat waoe koela wang-soeli sanalika medal pos. Ananging, gotong rojom poenika perloe. Soepados sami èntèngipoen, lan moerakabi ing sadjanipoen, toer sadèrèk O. D. Kühr katingal pana bab import, tjubi bab seratipoen sadèrèk A. K. D. waoe sae bab (sadaja tigang bab) badé koela djèrèng ing riki, perloe koela semantakaken dateng sadèrèk O. D. Kühr, lan soepados para maos sadaja sageda pirsaa sampoen doemoegi samanten ébah kita ing madyaning djagad panggautan.

Koela tjoeplik roemijin poenapa wangsoelan koela dateng sadèrèk A. K. D.

Paringipoen kabar bab coöperatie ing W. sanget ndadosaken bingah koela. Sampoen dangoe koela kepéngin angsal kabar saking W. ingkang toelan lan ingkang tjita, lah, saweg sapoenika koela tampi. Mjeda tampoer sami kaleresanipoen.

Bab importeur-sembet, tjubi takè dateng Geowehry (Semarang, Soerabaja, Batavia). Kados importeur poenika mengageng sadaja barang toenan. Jèn barang tosan: Lindetes-Stokvis (pakoe, kikir, tatah lss. doemoegi setoemil).

Serat pitakēnan boten perloe tjara Walandi, prajogi lan tjekap tjara Indonesia. Ingkang perloe moendoeta pirsaa: apa dodol iki — iki — iki — iki apes koedoel toekoe pira reagané pira atoeran pembajaran kaprijé bab tjarané ngirimaké lss.

Bab régrèg minimum poenika toemrap barang lan grengipoen kabédakakan. Oepami barang A apes 10 oetawi 100 K.G. ladjeng toemrap tjang toembas sagrengan apes f 250 lss. Dados kirim sapisan boten kedah namoeng toemrap barang satoénggal, waton grengipoen sampoen langkoeng saking minimum sampoen tjekap.

Samanten wangsoelan koela ingkang nggepok toko import dateng sadèrèk A. K. D. Nah, koela njoe-woen toeloeng sadèrèk O.D. Kühr, wangsoelan makaten waoe sampoen méntjok poenapa dèrèng, tegesipoen sampoen leres lan djangkep poenapa dèrèng. Jèn kirang leres koela njoewoen correctie, jèn wonten ingkang gotang kaparenga ndjangkepi: inggih kanggé koela, inggih kanggé sadèrèk A.K.D. lan inggih kanggé sadèrèk — para maos sadaja.

Dados... Andaja main ker-toe terboek: ora ngerti takon, koer-rang damang... ndjaloké timbangan. Ingkang poenika kep-aranga nanggapi samentinipoen. Tjara Andaja boten wonten oemoek, pamèr lan ngengkos oetawi nekoek, wontenipoen: toeloeng - tinoloeng, samad-sinamadan, tresna - tinresnan tjara Katoeliek. Sinten langkoeng kedah noeloengi ingkang kirang.

Toemrap para maos sadaja pirsaa bilih rembagipoen Andaja adjejan temenan, boten goegoen, koela atoeri émoet wawan rembagipoen kaliyan sadèrèk S.S.Dh., lah sapoen-ika kaliyan sadèrèk A. K. D.

Nitik tjoeplikan wangsoelan koela ing nginggil tètela jèn sadèrèk A. K.D. pados contact kaliyan toko Import, lan jèn boten klèntoe sadèrèk waoe dados baoc-tengenipoen coöperatie Katoeliek ingkang nama ngojod lan kijat. Mila Andaja boten

*) Molière tresna marang panggawéand. And.

I. Nagari kawadajiban namèngi kaom berah, soepados sampoen kèloé dateng pamboedjoeking tjang ingkang tindak-roda peksa.

Iggih leres, kaom berah poenika ingkang katah kepéngin ming-gah dradjadipoen sarana njamboet-damel ingkang pantes sarta tanpa mawi tindak ingkang kirang adil, nanging boten sakedik tjatjahipoen tjang ingkang sampoen kadoe-noengan pamanggih ingkang klèntoe sarta koematjeloel damel gégeran, ngréka daja sagedipoen damel bron-takan sarta ngodjok-odjoki tjang sanès amrih nindakaken roda pari peksa. Jèn makaten Nagari kedah tjawé-tjawé, tjang ingkang ngadjak brontakan waoe dipoenalang-alangi sarta Nagari ndjaja soepados ka-kalakoanipoen kaom berah sampoen ngantos dados awon déning pangitjoe-ktjoe-awon poenapa dé-né tjang ingkang gagadahan kanti absah kadjajgia sampoen ngantos dipoenrebat darbèkipoen.

II. Nagari kedah ngroekoekaken kaom djoeragan kalijan kaom berah soepados sampoen wonten mogokan.

Padamelan ingkang kedangon oetawi kangèlen oetawi panginten jèn jatra épahan dipoensoeada, poenika kerep ndjalari manawi kaom berah sami kentjan boten teroes njamboet damel sarta ndjarag trimah tanpa padamelan. Nagari kawad-jiban boten kénging talompé ing prakawis kados makaten poenika, prakawis ingkang kerep kelampahan sarta mbabajani, djalaran mogokan poenika boten ngemoengaken mito-enani kaom djoeragan sarta para kaoem berah pijambak kèwawon, nanging oegi padagangan lan kabē-tahaing Nagari; sarta sarèhé ngampil ngwontenaken tindak roda pari peksa lan gégeran, mila kerep mbabajani toemrap karahardjan oemoem. Sarana ingkang peng-peng-an sarta saé pijambak, amrih sampoen ngantos kelampahan makaten inggih poenika manawi Nagari ndjaji mawi angger-angger soepados sampoen ngantos wonten mogokan, kaalang-alangan jèn badé mentjoegoel. Menggah rékanipoen sadèrèngipoen kasèp, sababipoen ingkang moeroeg-aken kaoem djoeragan kalijan kaom berah sami pasolejan, poenika ka-itjalana.

(Encyclick Rerum Nevarum 15 Mei 1891).

poeroen mijagah atoeripoen kat-rangan, ingkang poenika saodrar O.D. Kühr keparenga tampi.

Makaten oegi sadèrèk P. S. Atmosoedarma, ingkang roemijin katah ngendikanipoen bab pang-gesangan wonten Swara Tama ngriki, sareng dadalem wonten Sragèn teka ladjeng mantoen-ondika?? Serik kalijan Andaja?? Ah, boten, sampoen makaten prijantoen, mangga ngetingal malih! Niet om Andaja, maar om Swaratala!

Kedjawi rembag ing nginggil, bab sanès, inggih tjoeplikan saking seratipoen sadèrèk A.K.D., wonten ingkang perloe, perloe saèstoe kase-mantakaken ing riki.

Njoeplik seratipoen sadèrèk A. K. D. pijambak boten prajogi, mila ingkang koela tjoeplik serat wang-soelan koela ingkang dateng sadè-rèk A. K. D. ingkang anggepok ba-badipoen kèwawon. Mangga kapi-rasanana:

Bab Denis koela namoeng mireng kèwawon ing pangomongan jèn bangkroet (watawis 2 woelan kapengker). Sareng mireng, sakala koela serak. Bakda njerat, let 3 dinten djeboel koela taksih mrangoeli advertentie Denis ing Het Nieuws van den Dag. Andjalari seratan bab Denis koela tjorék, lan ladjeng inggih boten medal ing Sw. Tm.

Kala koela njerat bab Denis waoe koela kèmoetan, jèn roemijin ing Bandoeng sampoen naté wonten Levensverzekering djatoeh, mila koela saja matem. Namoen réhné bakda njerat, advertentie Denis taksih katingal, mila panjana bab bangkroet ladjeng sirna.

Sapoenika kaleresan pandjenangan ndangoe bab Denis, tjubi koela pados ketrangan ingkang setiti. Namoen telegram oetawi kabar dagang ingkang nemtokaken bangkroetipoen Denis koela dèrèng mrang-goeli.

Denis poenika sampoen watawis sepoeh, watawis sampoen oemoer 20 taoen. Nanging katrangan sanès koela boten (dèrèng) saged ngatoeraken. Mila kaparenga sabar roemijin.

Namoeng djagi-djagi poenika sampoen samentinipoen, namoen koewatos sanget inggih boten perloe.

Poenika serat koela dateng sadèrèk A. K. D. ing W. Sinten saged soeka katrangan langkoeng djembar lan maton? Awit sadèrèk A.K.D. moendoe pirsaa bab Denis oegi boten mligi kagem sirna pribadi.

Poenika goenanipoen kita gadah koran pijambak, ing sawatawis saged toeloeng - tinoloeng, samanten poenika jèn kita poeroen ngetjakaken. Jèn boten gadah koran? Tjubi bab-bab ingkang nggepok sadèrèk A. K. D. tjekap karembag

CORRESPONDENTIE.

Kita sampoen tampi soembangan karangan katah sanget. Matoer noewoen. Saking kathamipoen, kita noewoen pangpoentēn, jèn asma-asmanipoen boten kita djèrèng wonten ngriki. Temtoe kèwawon, jèn boten wonten alanganipoen inggih badé kapatjak.

H. Dwidja: karangan pandjenengan doemjoejk. Adininggar: „Minangka oelar-olar gampil sanget ndadosaken klèntoe tampi. Dados boten medali. Sampoen dados penggalih.

Propagandist Esp. B. S. Pr. ing S. Kita sampoen tampi „Hinda Esperantisto”; 3a. Ep. No. 12; 1931. Matoer noewoen! Red. Kita noewoen kanti sanget, soepados lenggan ingkang dèrèng ngesahi arta-lengganan, karsa énggal ngesahi. Moempoeng sapoenika ngantjij tanggal sapisan! Adm.

doemoegi samanten, sinten t a m p i keparenga nanggapi samentinipoen. Manawi kita roekoen, èngtengan toeloeng - tinoeloeng, dradjad kita énggal minggah, kekijatan kita saja katingal, tjaja kita saja goembjar.

Déné atoer koela dateng sadèrèk A. K. D. sampoen rengoe prakawis pandjenengan koela bèbèr ing Sw. Tm. ngriki, djer (a). amoeng amrih saja tapis. (b). kanggé nedahaken jèn njata wonten lan boten satoenggal kantja katoelik ingkang betah katrangan-katrangan lan „dongèng-dongèng” ingkang magepokan panggesangan. (c). anggèn koela mbèbèr prakawis tanpa njoepik serat pandjenengan (d). koela namoeng njeboet asma A. K. D. lan negari W. ngemoeti nama kakalih poenika sampoen kapatjak ing Correspondentie Sw. Tm. ngriki no. 37. Lan . . . ing H. I. S. kados asma pandjenengan inggih boten „asing lagi.”

Inggang poenika, sadaja waoe amoeng amrih rantjaging lampah. ANDAJA.

V A R I A.

DOKUMENTO *) KATOER KADANG KOELA SEPOEH C. R. REKSAATMADJA.

Deg; raosing manah, sareng koela mbikak bebètan Sw. - Tm. no. 38 ingkang nembé medal poenika; wonten serat kintoenan toemoedjoe dateng koela. Sareng pamaos koela, koela teroesaken ngantos rampoeng, saweg ngertos manawi serat waoe saking kadang koela sepoeh pijambak.

Rèhning koela kaprenah enèm langkoeng roemijin njoewoen samodra pangkasama.

Njoewoen ngapoenten kamas; mbokmanawi dipoen-goegoedjeng kalijan sadèrèk ingkang sampoen mangertos, djer koela kalijan kamas poenika

mBokbilih kamas taksih badé maringi karsaa kêmawon; tijang kêmawon kok. Kaparenga matoer; sadaja lepat njoewoen ngapoenten.

Kasinggihan ngandikanipoen kamas; bab „nglawan bibit tjotjongkrah” ngenaken zelfctie; zelfcorrectie, kadang anèm boten njélaki kepara acc.

Kawoeningana; anggèn koela kawedal kadang ingkang mawrat ing verslag (wartos bab kempalan kawrat ing Sw. - Tm. no. 37) oegi boten pisan-pisan koela badé neningi bibit tjotjongkrah, nanging ngèngeti raos kebangsan.

Raos kasbat poenika waoe poenapa margi saweg nembé kêmawon toekoelipoen poenapa kados-poendi; sareng mireng ngandikanipoen kamas sirah Djawi aosiopen namoeng f 2,50 (zegge twee gulden vijftig cent) lo darah moeda kok ladjeng mak prebeng; pendjeloe; kawedal temboeng koela „goendoelè sing moeni pira ta regané?” (darah moeda, kegoegah raos kebangsan) lan ènget „Ora marahi.”

Oetawi, manawi boten wonten ingkang wani kados makaten mangké kados-poendi kadadosanipoen; rak ndadra; inggih manawi ngrika ngertos dipoenkèndelaken, manawi boten, koewatos koela manawi saja ndadra pangitjak-itjakipoen.

Lan ngèngeti: „wong oetang koedoe njaor” jèn mboelet oetawi ngemplant mangké dipoen-geslink (gèseling).

Kanggé panoetoeping atoer koela: 1e. Kados ingkang sampoen koela atoeraken nginggil „manawi kamas taksih badé maringi” enz.

*) Boten kanggé oemoek-oemoekan. Rèhning kalijan prijaneto sepoeh boten wani ngindonèsiakaken. Jo s.

2e. Kala mangsa (manawi wonten perloenipoen) poenapa boten prajogi kita ngatingalaken jèn „oegi gadah raos tresna bangsa.”

3e. Jèn boten wonten ingkang wani dados koerban kados-poendi? Wongsal-wangsoel manawi namoeng kêmawon; mangké inggih taksih wonten kêmawon ingkang badé ngepuk poenika. Tjobi dipoen-jektosi!

4e. Soemangga kadang kita Katoelik Indonesia tjekat-tjèket nandangi wawarahipoen iboe Soedyati kasbat Sw. - Tm. no. 37 kapengker poenika.

Sampoen; samanten kêmawon; sampoen dipoen-goegoedjeng lo sadèrèk!!!

Aksamanta kadang anèm Jos. Ps. Moentilan.

OERAP-SARI. INDONESIA.

Broeder Carmeliet sapisanan.

Rikala 17 September poenika baita Christiaan Huygens mbekta Broeder Carmeliet ingkang sapisanan dateng tanah Djawi. Poenika pantes ingèngetan, djalaran kadjawi Orde Jezuet, Orde sanès-sanèsipoen dèrèng ndatengaken Broederipoen pijambak. Orde Carmeliet sapoenika miwiti. Moegi-moegi Broeder waoe sarana saking anggènipoen kerep sembahjag, ingkang langkoeng-langkoeng awoedjoed njamboet damel, ngindakana adjenging Missie sadaja.

Wangsoel saking nagari Wlandi.

Sasarengan kalijan G. G. énggal rawoeh poenika sad. Theodorus Maridjan Hadiséwaja wangsoel saking nagari Wlandi sampoen njangkang diploma Europeesche hoofdacte. Sad. Hadiséwaja kalaitanipoen rikala 2 Pébroeari 1908. Examen hoofdacte kala 2 lan 29 Djoeli 1931. Dados saweg joeswa 23 taon sampoen njepeng hoofdacte. Loemajan! Samangké benoem wonten H. I. S. Soerakarta, toemoet Canisius-stichting.

Sanadjan golongan kita Katoelik taksih alit, sampoen gadah prijan-toen 3 mawi hoofdacte. Moegi-moegi tiga-tiganipoen ageng aksinipoen, ngadjengaken sadèrèk-sadèrèk sarta pakempalan-pakempalan Katoelik.

N. I. O. K. (Nederlandsch Indisch Onderwijs Kongès). Ing salebetipoen tanggal 22 doemoegi 24 Séptember poenika ing Betawi-Centrum dipoenwonteni Onderwijskongrès. Manoet program ingkang roemijin: Selasa. Voorzitter: toewan C. Hagen. Ingkang mbikak Kongrès: Dirèktoer O.E. Professor Dr. B. J. O. Schrieke. Ingkang karembag a), Piwoelang minangka sarana ndjoendjoeng bangsa. déning Dr. H. Kraemer saking Sala.

b) mbangoen osiking atos toemrap panggoela-wentah sarta pasinaon, déning Rama Professor Dr. J. J. H.M. van Rijkvorsel saking Ngajodja.

Rebo (éndjing) Voorzitter: toewan P. J. A. Maitimo.

Inggang karembag a) bab merlokaken adjenging kanalaran ing pasinaon, déning Dr. J. H. Bavineck saking Sala.

b) bab sekar lambé: Pasinaon prajogi kadamel tjendoek kalijan praktik ing ngagesang, déning toewan J. Roorda saking Betawi-Centrum.

(Sonten) Voorzitter: toewan P. J. A. Maitimo.

Inggang karembag aosiopen idam-idaman énggal ing prakawis panggoela-wentah toemrap panggoela-wentah kolonial, déning toewan A. de la Cowit saking Ngajodja.

Kemis. Voorzitter toewan K. van Dijk.. Ingkang karembag: Jeugdbeweging ing Hindia Nederland, déning toewan Dr. H. Jansen saking Betawi-Centrum, Rama Jos. Gitsels S. J. saking Moentilan, toewan G. Ranneft saking Bandoeng sarta toewan Sjo'e'aib, Sas-tradiwirja saking Betawi-Centrum.

Program ing nginggil poenika margi wonten salah satoenggiling alangan kasantoenan sakedik, ngantos Rama Professor Dr. van Rijkvorsel kapeksa sosorah ing dinten Rebo.

Ngèlmoenipoen ingkang sosorah poenika warni-warni. Sadaja gadah pangadjeng-adjeng sageda toemoes wonten sadjawining Kongrès toemrap kita bangsa Katoelik ingkang jakin jèn Iboe Pasamoewan Soetji poenika djoeroe nggoela-wentah nomer satoenggal, boten badé tjotjog dateng sinten-sintena, jèn tijang waoe boten kalijan pamangginging Pasamoewan Soetji.

Kleian's Adresboek van geheel Ned-Indië.

(Kleian's directory of the Dutch East Indies).

Toean Kleian kerep sanget dipoentakèni adrèsipoen tijang Indonèsier oetawi Tjong Hwa, nanging boten saged soeka wangsoelan, djalaran boten ngertos pijambak. Mila Toewan Kleian sapoenika badé ngajati damel Adresboek (boekoe isi adrès-adrès) langkoeng-langkoeng toemrap ingkang dagang, tijang ingkang wonten, kantoran lsp.

Sinten ingkang notjogi kadjengipoen toewan Kleian waoe, dipoentatoeri ngintoenaken adrèsipoen mawi kartoe pindahan (mawi kaseboetaken namanipoen, pangkatipoen, padoenonganipoen, nomering grija sarta namaning radinan). Anggènipoen ngintoenaken dateng „Kleian's Adresboek, Weltevreden (Batavia-Centrum).” Jèn pindah panggénan, dipoentatoeri ngintoeni gantosing adrès.

Mangké jèn adrès-adrès sampoen katah noenten damel boekoe adrès. Prakawis tjotjog lan boten, soemangga dateng para maos. Namoeng kêmawon toemrap tijang ingkang kepéngin toetoembas oetawi sasadéan, adresboek poenika migoenani sanget.

Pamoelang meisesvolkschool toewin meisesjersvolkschool ing Ambarawa binerkahan.

Kala dinten Senèn tg. 21-9-31 pamoe-langan meisesvolkschool toewin meisesjersvolkschool ing katja 4; k. 3.

Uitgave: DRUKKERIJ „CANISIUS”
 DJOKJAKARTA TEL. No. 701.
Verschenen :
„OEFENINGEN
in de
NEDERLANDSCHE TAAL”
 (met sleutel).
 2e DRUK.
 door J. A. BELLAARD, Hoofd eener H. I. S.
 Prijs: f 0.75; met sleutel samen f 1.—
 (De sleutel geeft aan: de gevraagde voorzetsels, de vereischte tekstveranderingen, de gevraagde tegenstellingen, synoniemen, enz.).
 Dit boekje is zeer geschikt voor candidaten M.U.L.O., H. B. S., Klein-Ambtenaarsexamen, Akte Nederlandsch, enz.

KLOEROEKING SAWOENGIPOEN PANDJI LARAS. WAHJOENING KAMADJENGAN INDONESIA.

Sanadjan saweg doemoenoeng wonten ing raos wahjoe ngalamaling Indonesia kados sampoen kalamaling wonten ing swasana, mandjingipoen kantoen ngentos mangsa, lan satrijanipoen kêmawon.

Sapoenika oepami koela ngintinten satrija poendi ingkang kadawahan wahjoe waoe, manoet adiling raos „béring” dateng Soematra tinimbang tanah kita pribadi. Djalaranipoen poenapa.

I. Bakoening sabab, pangadjeng koela katah ingkang boten dojan dateng basa kita Djawi, sengadinipoen warni-warni, kakatahan peprintjèn, antawising kawoela lan bandara katebihen lsp. namoeng boten pisan toewoeh angoedi soeboering basanipoen. Kasagedanipoen boten kober kanggé ngroepèkaken adeding bangsa (basa), margi kabodjeng prakawis ingkang sampoen mèlok kasilipoen. Prakawis indirect sadjak boten dipoen-wigatosaken. Mila boten mokal jèn pangadjeng-pangadjeng lestantoen kados makaten, saja dangoe pang-

poenika djaman sad. A. S. D. wonten Sw. Tm., nanging raos-raos boten saged ngogegah manah doemoewé sakedik-kedika. Djalaran paoegeran lan woedjoedipoen pantjen boten pandjang panglarahipoen. Java-instituut koela pirem-piremaken inggih boten patosa moerina, sanadjan koela gadah panginten woedjoed „babadan” ingkang nggegesang betoeah Djawi. Basa Djawi angèl, boten oemoek kanggé ang-gajoeh kekijatan lan golong sedya inggih angèl, wonten ngriki wonten raos ngemohi pribadi jèn ingkang mantjasi makaten bangsa Djawi pijambak. Mangka roemaos koela awrat njatanipoen tinimbang koela njoengolaken prijan-toen sinten ingkang ndoewa oetjap-oetjapan waoe. Koela ngakeni saged oegi panarka koela sisip, panjana koela boten njata, éwasamanten manawi soemebaring nama: „vkbeweging,” temboeng politiek, vergadering, congres, voorzitter, sampoen doemogri redi lan doesoan ingkang 10 taonan kapengker taksih nama kloetoe; nanging tanpa wonten distrik oetawi onderdistrik ingkang ngawonteni oetawi ngoetjapaken

Mesti kêmawon kanggé ingkang ngedegaken, loterij poenika mila sinedya kanggé pados jatra; nanging poenika setengah neda dana. Lan poenika dédé ingkang koela kadjengaken!

Poenapa toemrapij tijang ingkang toembas lot lan ladjeng poetoos? Bab poenika mangké wonten rembag!

Nanging kanggé ingkang toembas lot lan boten soesah poetoos, loterij poenika saèstoe dados margi pados jatra, toer gampang, toer mingsra angsal-angsalanipoen!

Poenika kados-poendi?

Saweg nembé kêmawon „Bataviaasch Internaat” ngedegaken loterij, agengipoen 500.000 roepijah; kabagé dados 50.000 lot.

Dinten Senèn éndjing tg. 14 woe-lan Sept. poenika lot-lot sampoen wiwit kènging dipoentoembas. Lan djam 1 sijang dinten Senèn poenika oegi dados boten ngantos sadinten lot-lot ing satanah Djawi sampoen padjeng sadaja; Escompto ing satanah Djawi sampoen boten gadah ngèngèhan lot satoenggal-toenggal!

„Bataviaasch Internaat” mesti kêmawon seneng; Escompto boten kirang. Nanging ingkang kedah ketegèndjingkat, poenika kita sadaja ingkang kepéngin poetoos lotré lan ingkang margi saking adrengipoen ngantos dipoenlampahi neka djangga, nitipaken barang dateng gedong rapet primpèn.

Laris kados makaten poenika mokal, jèn lot-lot waoe katoembas éjtéran baka satoenggal déning ingkang kepéngin angsal jatra katah kanti gampang. Tjeta ingkang ing rikoe wonten djoeragan mborong lot.

Bat. Nieuwsblad gadah panginten makaten: djoeragan-djoeragan mborong lot waoe moedjoedaken namoeng kongsi satoenggal, ingkang pawitanipoen goenggoeng wonten: 300.000 roepijah. Dados saged amborong lot 30.000; mangka tjatjahing lot sadaja wonten 50.000. Ladjeng kasadé, saben sak-lot angsal bati, kanggé ratjak 2 1/2 roepijah, alias 25 1/2. Dados jèn lot 30.000 saged padjeng sadaja, angsal bati 75.000 roepijah. Oepami wonten ingkang woedoe 5.000, meksa taksih bati f 25.000. Mangka kongsi waoe taksih gadah oetoe saged poetoos pijambak, awit taksih gadah lot 5.000. Déné jèn boten inggih sampoen bati 25.000 roepijah.

Mesti kêmawon saged kelampahan, jèn ingkang woedoe, katah sanget, poenika mila resico-nipoen. Nanging manawi nitik sadèrèk Djawi remen lotré, poenapa badé kelampahan woedoe katah?

Lepat leresing pamanggihipoen Bat. Nieuwsblad kilap. Namoeng ingkang sampoen tjeta, bab wontenipoen djoeroe mborong lot lan ingkang ladjeng njadé éjtéran. Lan djoeragan kados makaten poenika ingkang dipoenpendeng nomer satoenggal tjeta dédé poetoesipoen, nanging larisipoen. Lan bab larisipoen boten soesah koewatos, margi sadèrèk Djawi karem lotré. Dados kanggé djoeragan waoe loterij poenika margi gampang kanggé pados jatra.

Toer angsal-angsalanipoen boten sakedik! Samanten poenika manoet rantjanipoen.

Ngersakaken tjonto? Boten kèwedan!

Lotendebitant ing Poerwardja: njadé 1/1 lot — f 11,—. Nanging kanggé sadèrèk Djawi limrah ambajar f 11,— kropjok poenika ing-

kang katah kawratan; milanipoen lot waoe ladjeng dipoenprasakawan; lan saben 1/4 lot dipoenregèni f 3,—. Rak majarakan ta!

Sapinten pamendetipoen bati, mangga koela atoeri métang pijambak, djer sampoen pirsra regining kilakanipoen lot, i. p. saben sak-lot f 10,—.

Poenika taksih nama oentoeng sakedik. Tjobi katandinga kalijan sanès pangénan!

Lotenhandelaar ing Modjokerto: 1/1 lot — f 11,35; 1/4 lot — f 3,50. Poenapa sampoen bati katah? Tjobi katandinga kalijan sanès panggénan!

Liem Kok Hong & Co ing Semarang: 1/1 lot — f 12,50; 1/2 lot — f 6,25; 1/4 lot — f 3,25. Poenapa kagalih sampoen kakatahan?

Lotendebitant ing Salatiga: 1/1 lot — f 14,—; 1/2 lot — f 7,—; 1/4 lot — f 3,50.

Stop! Poenapa poenika boten „non plus ultra”?

Djoeragan bati katah. Nanging sinten ingkang kakrowok? Sinten ingkang dados koerban?

Boten sanès inggih ingkang karem lotré; ingkang soetik kangélan, nanging kapéngin angsal jatra katah; ingkang kapéngin ndandosi ékonominipoen, nanging ngejtakaken srana ingkang boten toemandja, ingkang dèrèng mesti sanget.

Lan sinten ingkang gadah wewatekan kados makaten poenika, mangga koela atoeri mangsoeli pijambak!

Wewatekan kados makaten poenika, ingkang sampoen tjeta noeloengi bibrahing ékonominipoen, kedah kasarasakan!

Toedjoening loterij poenika kanggé neda dana; déné prisipoen poenika soepados ingkang soeka dana kantia èntèng. Dados sinten ingkang toembas lot, namoeng perloe angsala pris tok, poenika mlèsèd ing pandjangka.

Koela boten badé ngalang-alangi tijang toembas lot. Namoeng kêmawon sinten ingkang karsa moendoet lot, koela atoeri kagoengan gagasan makaten: „Soekoer nèk poetoos; nèk ora, ija oewis; wong akoe ora toena!”

Sapoenika djamanipoen „selfhelp”. Mangga bok ndjampèni hawa-napsoe kita pijambak: „karem lotré”.

Kadjaw-i poenika, poenapa Bapa Regeering badé négakaken kêmawon, jèn ékonomining poetranoenipoen badé kablesekaken margi anggadahi sasakit poenika? Poenapa Bapa Regeering boten saged ngalang-alangi, soepados sasakit waoe loten kanggé ngrisak-risakaken ékonomi? Soekoer jèn saged ndjampèni sasakit waoe!

Koela inggih soemerep, jèn Bapa Regeering sampoen damel pranatan: loterij ingkang lotipoen sampoen padjeng sadaja, kedah énggal kagebag. Poenika mila saged njoedakaken krowokanipoen kantja alit. Awit poenika njoekani inah sakedik sanget kanggé nglarisaken lot-lot ingkang dipoenborong.

Nanging ing praktik poenika taksih saged longgar; awit sanadjana lot-lot satanah Djawi sampoen padjeng sadaja, ing tanah sadjawining tanah Djawi saged dèrèng telas. Dados kedah ngentos roemijin.

Dados pranatan kaseboet kados dèrèng mrantasi jektos.

Kados-poendi pranatanipoen énggal, koela soemanggakaken ing Bapa Regeering. Volksraad rak soegih rembag!

ané ingkang mbetahaken! Gramèn koela wonten Sw. Tm. tansah badé koela toedjokaken laras goetoe ing saged-sagedipoen.

Mila sanadjan wonten oetjap-oetjapan serat kabar ingkang saé mesti isi péning sardjana pana (specialisten) kados déné tjabrik Europa lan Amerika, koela meksa mantep ratjikan kita nedya nggogegah manah. Déné béndjing samangsa sampoen sami moelatipoen, ngadani makaten temtoe badé toewoeh pijambak.

Ing bab saéning serat kabar boten ngemoengaken saking soemad-jining kawroeh midji, ingkang preloe oegem-oegeman prakawis njata, temboeng aloes, laras lan betahing pamaosipoen. Lo, kok njimpang kalijan ladjering bab? Pantjen anggèn koela njlèwèng badé ngoepados margi kanggé njoengolaken atik-atikaning nalar toemrap ndjanga soepados wahjoe Indonesia dawah dateng bangsa Djawi. Prakawis poenika raos-raos njebal saking paoegeran „sainipoen kanti mlampah,” amargi sangkoetaning nalar sapoenika sasat boten Kasambet ing katja 4; k. 1.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BAND ENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

Frieling's Glansverf A
(tjèt gilap)

kantoen ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa - blèg	9.—	4,75	2,50	1,10	0,60	

Kwaliteit (golongan) B, sa - blèg 10 Kilo f 6,50.
5 Kilo f 3,50.

Frieling's Verflak no. 1 sa - gendoel f 0,90.
" " no. 2 " " " 0,70.
Lisah tjèt Walandi " " " 0,50.
Byta kanggé ngitjali tjèt " " " 0,30.
Artistico Calcarium sa - Kilo " " " 0,75.

Glansverven (tjèt gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjèt R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN - DJOKJA.

ERCEEE

ADOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harga, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :
Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij: WIRJOSOESENA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Sampoen kasedijakaken Papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenolat - oelataken sarta dipoentoentoen.

Wragad mondok lan neda: f 15.—

HARDJADININGRAT.
GOENOENG - KETOER, PAKOEALAMAN, NGAJOGJAKARTA.

TOKO DJOEN & CO.
TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persénan. Saben kantong boeboek saking Djoen wonten **COUPON MAWI REGI.**

Srana nglempakaken kantong dalasan couponipoen, para lengganan badé angsal pépénginanipoen. **Mangga énggal njobi moendoet!**

Kita sedija:

JAVA KOFFIE No. 1	sa-pond	f 1.—
ROBUSTA " 1	" "	" 0,80
" " 2	" "	" 0,70

Tanggél tanpa tjampoeran.
Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.

Atoer hoeremat,
Toko Djoen & Co.

ingt. Kadjawèn, sasat namoeng dipoen tingali saklébatan kémawon boten.

Tjebi sapoenika toemiling dateng basa Djawi oepami nijat, oetawi para sardjana kita ngéndahaken éstoe, wiwit ahli basa, ahli politiek doemoegi sadajaning ahli.

Kados déné Mr. Mr. Djawi, Ir. Dr. Djawi ingkang sapoenika tjatjahipoen langkoeng katah katimbang sad. Indonesia sanès, kados-kados taksih saged ndjanga njèlhaken wonten, oetawi wontena kados déné basanipoen wonten lésan Indonesia. Temtoe kémawon dipoenpendetaken ingkang oemoemipoen boten damel kagèt dateng para loehoer oetawi para ingaosan Djawi, inggih poenika oepaminipoen kapendetaken „basa Djawi krama.” Iba ta pantesipoen oepami sardjana kita Djawi karsa mrimani basanipoen Djawi, méndah rahmat lan barkahipoen manawi bangsa kita Djawi ingkang sardjana ngopèni adeding bangsanipoen. Saking satoenggal poenika kémawon kados-kados badé katah ndjoendjoeng sarana moepangtipoen dateng sadèrèk Djawi, toer inggih badé saged nglenggahi oetawi dados tilas lan tabet jèn pangambahipoen kamadjangan Indonesia, sad. Djawi ingkang langkoeng katah lan langkoeng roemijin. Perloe dipoen-èngeti éwahipoen basa Djawi sageda adapoeer wewah, inggih poenika temboeng djagadan oetawi basa ngamatan ingkang boten wonten santoenanipoen.

Koela wani nemtokaken koran Djawi basa Djawi aksara Djawi; badé saja moendoer jèn para sardjana kita boten karsa tjawé-tjawé. Prakawis aksara makaten dasar katingal boten tjantjangan boten dados poenapa, awit kita taksih saged ngekahi adeg kita oeger basa boten itjal oetawi tjoeser.

Para maos. Omongan poenika medal saking baoc ringkih, pangawasan sakedik, paningal tjadok, banda tjoepe, kawroeh soewoeng! Éwasamanten margi ndjagèkaken panggalih laras-larasipoen toewin kadereng koela nglenggahaken bangsa, koela boten soemelang ingèsaman para linangkoeng bangsa kita. Babasan kekerot tanpa oentoe, loewoeng idèp-idèp ngosikaken prakawising koelawarga, ingkang pait getir, tjalonipoen badé toemoet ngraosa en.

III. Kelagèhan ngesoraken. Margi kalagèhan poenika, ingkang noemoesi kawontenan sarwa kawon, kanggé djaman sapoenika. Mendet tjonto tepangan kalijan bangsa sanès koelit lan ingkang sami koelit dipoenawrataken ingkang sami koelit. Ngingali dateng barang jajasana, ingkang dipoenkawonaken jajasaning bangsanipoen. Koela taksih èngèt oetawi kerep mranggèli, nama barang klas mirah-mirahan, ingkang ladjeng dipoen-gantos Djawi, barang awon Djawi. Gendis Djawi, sata Djawi, grija Djawi, segawon Djawi, ménda Djawi lsp.

ingkang kaanggé noeding kaosoran oetawi karémèhan. Malih doemawahing woelang woeroek ing babagan batos oetawi lair, sanadjan temboeng mantja waoe kénging kasantoen oetawi wonten basanipoen Djawi nanging katah-katahipoen, anggènipoen nglembaraken inggih mawi basa ingkang soeka kawroeh waoe. Kok wonten pangodi ndjawèkaken kawroeh waoe sadjakipoen boten. Sanadjan sapoenika sampoen brikik-brikik boten makaten, nanging koela kepéngin ngingalaken kawontenanipoen basa Arab wonten sadèrèk Djawi Islam, lan basa Landi oetawi Éropah sanèsipoen wonten sad.: Djawi Kristen oetawi Katoelik. Mélok. Malih dateng ambegipoen sad.: Djawi ingkang saking Soematra Dèli, oetawi wedalan Koempeni. Ingkang sanding pijambak para sardjana kita Djawi ingkang saking Éropah kalijan basa Landi lan Éropah sanèsipoen. Déné sadaja waoe manawi koela doedoet dateng pok ladjeng nedahaken boekti satoeng-giling boekti ingkang ngesoraken adeding bangsanipoen pijambak (inggih poenika basa Djawi).

Mangka . . . !!!

Raos-raos oepami para sardjana kita, inggih kalangan poelitik, inggih ingkang ahli ékonomi, inggih ingkang ahli moelang, lan ingkang ahli basa wingi² opèn dateng adeding bangsanipoen kados-kados boten mokal, jèn basa kita Djawi boten roepak Djadjahanipoen kados sapoenika. Malah raos-raos oepami sapoenika kresa goemlawat, kados boten nama mokal jèn béndjing basa Djawi saged kadoenoengan wahjoening Indonesia.

Kanti atoeran makaten, ingriki koela, ngadjab wontening krekat Djawi ngopèni dateng basa Djawi. Awit oeger sardjana kita ahli basa, karsa ngroepèkaken, boekoe panjoeloeh basa Djawi lan basa mantja. Ladjeng ahli poelitik ndjanga amrih sadajaning dawoeh lan oendanging pradja mawia dipoenkantèni basa Djawi.

Para ahli moelang ingkang wonten karas poelitik njoewoen soepados basa Djawi kawoelangaken ing saben sakolahan Indonesia. Kados déné kepentingan basa Mladjeng ing pamoeangan Djawi oetawi Soenda lan Madoera sapanoenggilanipoen. Kados-kados boten mokal, kalampahanipoen. Déné jèn njawang dateng kapinteranipoen sapoenika sardjana kita Djawi, toeding-toedinganipoen menang katah.

Kados poenapa raosipoen manawi basa Djawi koela samèkaken koelit daging! Manawi para sardjana kita neèmoeti krekat sapisan oetjap-oetjapan Djawi. Manawi èmoet brikik-brikik gineman mawi temboeng Djawi, leresipoen boten badé doeka dateng atoer koela. Woesana

atoer koela sadaja toekoelipoen djalaran saking motahipoen raos, laras-larasé. Babasan menggaha tjara pradjoerit sampoen gagé noengkoel jèn dèrèng nindakaken dadar palèlèr. *) Déné-déné mangké sampoen dipoenajati boten kasil, kita boten kainan, tjara toetoehanipoen sampoen badé kaperang toetoe.

Kanti ngoetjap boten nama djangkah sapélé, boten nama pigoenan alit-alitan jèn kita saged ngedjègi wewenang waoe; kosok-wangsoelipoen sanès prakawis kenèh-kenèhan manawi basa Djawi dipoentadakaken hak makaten malah kados² sapantesipoen kaodjèlaken makaten (jèn ndoeloe witjalingan sardjana kita wonten babagan poenapa kémawon) kanggéné Indonesia sapoenika klebet ondjo.

Rama Van Lith sergi, pantjèn penoeh katresnan dateng Djawi, éman déné ingkang dipoenmrinani sampoen malih ngregèni pamoeiranipoen, malah-malah raos-raos badé ngemohi. Sowakipoen basa Mladjeng ing H. I. S. Djawi koela adjeng-adjeng wewaha basa Djawi ingkang ngantos mrasoek dateng moerid-moerid H. I. S. Telasing atoer, koela njoengolaken swanteng; Sardjana Djawi ing babagan poenapa kémawon, poenapa boten kapéngin jèn basa Djawi kawahjon basa Indonèsiah? Soemangga koela atoeri nggalih.

BLOROK. P. S. Moentilan.

volgschool kagoenganipoen para Zusters Franciscanessen, ingkang doemoegi samangké manggèl wonten ing dalem Zusteran lami, kapindah dateng grija énggal, doemoenog wonten satjelaking dalem Zusteran sapoenika, kepara mangilèn, adjeng-adjengan kalijan gaoepa kerkop.

Inkang mberkahi pandjenenganipoen Rama Rector Dr. L. van Rijckevorsel. Nadjengaken djam 9,30 sampoen rampoeng anggènipoen mberkahi.

Djam 9,30 langkoeng sakedik para tamoe sampoen sami pepak wonten ing grija sakolahan énggal. Inkang rawoeh: Pandjenenganipoen Moeder Overste Hermanda, Rama Rector kasboet ing nginggil dalah Rama A. de Kuyper lan Rama A. Prawirapratama, para Broeder ing Ambarawa, para Zuster ing Ambarawa, saha Zuster-Zuster tamoe saking sanès panggénan, ingkang Wedono sakalijan toewin Schoolopziener ing Ambarawa. R. Soewandi (Inl. Arts) oegi sakalijan para prijantoen saking golongan warniwarni, sawatawis sami sarimbit. Kadjawi para Zuster goenggoeng kemal wonten 60. Oepami dawah dinten Ngahad, kinten koela tamoenipoen saja katah.

Woedjoeding sakolahan mèmper aksara E; madjeng mangidoel; ingkang kilèn volks-school, ing tengah panggénan sinaoe huishoudelijke vakken, ingkang wétan vervolgschool.

Sasampoenipoen mriksani kamar-kamar sakolahan para tamoe sami tindak dateng Zusteran saha ladjeng ingatjaranan lenggah wonten ing kamar tonil, ingkang padintenanipoen kanggé kamar dolanan sarta papan moelang gymnastiek dateng laré - laré meisjesnormaalschool. Kamar waoe kapadjang - padjang saklangkung ngengreng, boten ngoetjwani.

Wonten ing rikoe moerid-moerid volkslan vervolgschool sami manembrama toewin manjanji; sawènèh wonten ingkang mawi laogening laré dolanan. Toemindakipoen gentosan. Wonten malih ingkang sami ngedali ginem gentosan (samenspraak). Sadaja saé, mranani panggalihipoen para tamoe. Dalasan moerid-moerid meisjesnormaalschool oegi sami katingal seneng anggènipoen miringaken.

Sasampoenipoen poenika Rama Rector medar sabda; ing wiyitan ngagem basa Welandi, ladjeng ngagem basa Djawi; soeraosipoen kirang-langkoeng makaten

a. Atas asmanipoen para Zuster asoeng pambajja soeeng rawoeh dateng para tamoe saha matoer noewoen, déné sampoen sami kasdoe merlokaken rawoeh.

b. Atas namanipoen tamoe asoeng kasoeengan dateng para Zuster, déné pamoeangan volks - saha vervolgschool sampoen kalampahan pindah grija énggal.

c. Nglairaken genging panoewoenipoen, déné para Zuster sasampoenipoen ngedegaken jajasana warni-warni kanggé bangsa Walandi toewin Djawi wonten ing panggénan sanès ing tanah Djawi tengah, wonten ing Ambarawa oegi ngedegaken sakolahan waoe, kanti boten ngétang saha toewin kangé-

lan, poenapa malih kanti wragad ingkang boten sakedik.

Pamoelang n Meisjesvolkschool dalah Meisjesvervolgschool ing Ambarawa saja dangoe saja katingal madjeng. Poenika satoenggal boekti, bilih sakolahan waoe njampèni dateng kababatanipoen para sadèrèk Djawi ing Ambarawa. Ingkang makaten waoe nama boten nggoemoenaken, djer sakolahan poenika pwoelangipoen salaras kalijan kawontenan saha dadasaripoen.

Sadèrèk Djawi, Rama poepondèn kita ingkang sampoen Soewarga, inggih poenika Rama F. van Lith, sampoen naté ngandika, bilih sakolahan angka kalih sadjarijipoen poenika kénging kawastanan „bètènging piwoelang kanggé sadèrèk-sadèrèk Djawi.” Kadjawi poenika ing Meisjesschool moerid-moerid dipoenwoelang piwoelang - poenapa ingkang kalebet kagoenganipoen para wanita saha ingkang gegoetanan kalijan panjepenging balé grija. Ing wèkdal samangké itjal melang-melang sadèrèk ngakatah ingkang gadah pamanggih, manawi laré èstri poenika boten preloe dipoensekolahaken.

Ing wasana pamoedjijipoen Rama Rector: moegi sakolahan Volks. dalah Vervolgschool waoe ngedalaken woh ingkang saklangkoeng katah, soeboet kalijan sajah - kangélaning para Zuster saha katahing wragad ingkang kawadalaken.

Watawis djam 11 bibaran. Laré Pening.

MANTJA NAGARI.

DJEPANG KALIJAN TIONGKOK.

Kawontenan ing Mantsjoerik saja ramé. Tjilaka jektos Tiongkok poenika! Sangsara saking kebandjiran dèrèng senggang, perang ing lebet rangkah (Nanking tanding kalijan Kanton) dèrèng bibar, sapoeniba ladjeng oeleng-oelengan kalijan Djepang. Mobilisatipoen wadya-bala Djepang ing Mantsjoerik boten tanpa damel: mrijem Djepang wiwit njawanten. Bangsa Tionghoa nimbang. Boten namoeng sapanggènan kémawon anggènipoen tjampoeh kerenggan. Moekden lan panggénan sanès sawatawis sampoen dipoendjègi Djepang.

Sinten ingkang leres? Sinten ingkang lepat? Satoenggal-satoenggalipoen mesti kémawon ngaken leres!

Bangsa Kilènan inggih ngawasaken dateng lalampahan poenika; Volkenbond boten ngeremaken mripatipoen, malah sampoen ngintoenaken oesoel. Nanging oesoel ingkang soepados nalar-nalaripoen ing sekawit katipriksa, katampir ing Djepang. Lan president Tiongkok tjirjos wonten ing Massabetoenging: „Manawa Volkenbond lan para pradja kang nèken Kelloggact, ora bisa ngoenggoelaké kabeneran, kita kepeksa nglajani penantangipoen.”

Glagat-glagat ingkang boten andjendjemaken! Éwasamanten dèrèng keladjeng!

BRITANIAH.

Nilar „gouden standaard.” Kanggé ndjampèni sasaking financie regeering sampoen ngondang-ondangaken, jèn gouden standaard boten kakanggèkaken, tegesipoen bank boten soesah mbajar mawi arta mas. Makaten poenika mesti ngindakaken asoipoen arta pérak. Lan wohipoen inggih sampoen katingal; regegen ing peken sami mindak, kadosta: karèt.

A. M. D. G.
Loemantar Swara-Tama.
Para sadèrèk, ngatoeri priksa, bilih tanpa tjegahing Pangéran, koela:

A. S. Martasoedarma
lan
Ricarda Soedjijem
badé nampi Sacrament Idjab wonten ing Grédua Medarie béndjing dinten Ngahad Kliwon tanggal 8 November 1931 djam 7,30 éndjing.
Bl. 17 September 1931.

FIRMA MERDEKA
WÉTAN STATION NGABÉAN - DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah: tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi, semoea bikinan dari Indonesia betoel, barang baik harga pantes, dan bisa beli dengan **huurkoop.**

Djoega trima pesenan medja sekolah dengan harga moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel bultzak goena didatengkan dimana tempat.

Tarif onkost toekang bultzak dengan harga kain.

Bultzak no. 1	oekoeran 2,30 × 1,90	satoe stel 2 goeling 4 bantal	f 10,50
" no. 2	" 2,20 × 1,60	" " 2 " 4 " "	f 9,50
" no. 3	" 2,10 × 1,30	" " 1 " 2 " "	f 7,—
" no. 4	" 2,— × 1,15	" " 1 " 2 " "	f 6,—
" no. 5	" 2,— × 1,—	" " 1 " 2 " "	f 5,50

Pesanan bikin betoel bultzak bisa kirim soerat lebih doelo, dengan diterangkan pandjang lebarnya tempat tidoer.

Hormat Saia
Eigenaar: **R. A. SASTRODIHARDJO.**

* Koela kepéngin jèn bangsa Djawi njoengolaken adegipoen ing kalangan Indonesia (Bkrl.).